ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ К ЪЫДОК!

№131 (21.039) • 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Хэкlыпlэхэм мэлъыхъуэ

Республикэм и Президентъ и Iуащхьэмахуэ районыр къызэхвкlухь

МЫ РАЙОНЫМ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен 2005 гъэм и кIуэхум щы-Iауэ щытащ. Абы щыгъуэ республикэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ Iуэхущапlэхэмрэ уиофэшlэхэмрэ ухиныжьуэ пщэрылъхэр гъэзэщlа зэрыхьуам иджы дэтхэнэ жылагъуэми щытепсэльыхьащ. Гъэ кдэжгъэущIэм ирихьлIэу Гундэлэн къуажэм къыщызэIуахынущ илъэс куэдкIэ ныкъуэщIу къэнэжауэ екIуэкIа школьыр. Iуащхьэмахуэ районым и сымаджэщхэм узыфэхэр зэрызэхагъэкI иджыпсэ Iэмэпсымэ куэд къаIэрыхьащ. Лъэпкъ проект пэрытхэм япхь иткIэ, сом мелуан зырыз мы гъэм зрата школищым нэхъ зыхуэныкьуэу къащэхунр зэкlгъэкI. Президентымрэ Правительствэм щыщу абы щыгъуэхэмрэ япэ дыдэу епlащ «Гипсель» ООО-м щекIуэкI лэжьыгъэм. А предприятэр Тырныауз къалэм и гъунэм хуоэз. Ар ней Iуэхущапlэщ, абы и акцэхэм я процент 60-р Москва къалэм щыщ «Техноэкспорт» компанием, процент 40-р «Эльбрусстрой» ООО-м яIэщIэлъщ. Иужь зэманым мыбы и лэжьыгъэм хуабжьу зригъэубгъуащ. Предприятэм и гъэзэщIакIуэ директор Грушевой Анатолий зэрыжиIамкIэ, продукцэр щэныжмкIэ гугъуехь щыIэжкым, ар ди къэралым и мызакъуэу, нэгъэщI хэкуэмэ ящэ. Продукцэр къызыхъащIыкI гипс мывзу зэкIэ къахутаэ щыIэр предприятэм илъэс 200-кIэ хуриткъунущ. 2004 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта заводым иджы фейдэ кьиту хуежьащ. Гипс куутIхэр къыщIэзыгъэкI етIуанэ линэ ахуэгъэзуэмэ, «Гипсель» ООО-м итъэсым сом мелуан 200 и уасэ продукцэ къыщIигъэкIыфынущ икIи фейдэ къабзэу сом мелуан 40 къыIэрыпхъуэ. Гъэзэщlакlуэ директорым кьыхигъэщащ бюджет псоми хилъхьан хуей налогхэр предприятэм и зэманым зэритыр. Ауэ Iуэхур къэзыIъахъэ щIыхьэусыгъуэзэри щыIэщ. Абыхъэм яцIыщу сырьер бгыфе кьызэрыщыщIах техникэр, гипс зэрагъавэ иджырей аппаратыщIэ кьащхэн папщIэ зыхуеину инвестицэр зэрахуримыкъур.

Мы предприятэм районым и экономикэм зегъэужьыныкIэ нIэ мыхьэнэ кьыхигъэщи, Кьаноокъуэ Арсен лэжьакIуэхэр нтьэгугъащ производствэм зегъэужьыным хальхьэну инвестицэхэр къызэщIэгъэуIэнымкIэ ядэлэныкьуэну.

Тырныауз къалэр кьыщызэхикIухьым Президентым кьыхигъэщыхьэхуакIэ дзэхэнэ унэри зэрызэрахьэмкIэ пыухыкIауэ ведомствэ гуэрым, муниципалитетым е цIыху щIхьэхуэм жэуап иткIу щытын зэрыхуейр. Кьхьаэ хьуа унэхэр, икIэщIыпIэкIэ щIыхуэхэр кьыщIагъэкIыну, «Псэупlэ зэкlэлъымыкIуэхэр зэгъэпэщыжыным е абыхъэм я пэкIэ унащIкэр зхуэфным тедгъэкIуэдэн папщIэ, жиIащ Президентым, «Зыуэ щыт Урысей» партым кьыбгъэдэкIыу дэ сом мелуан 88-рэ кьыгъэхьунущ. Тырныауз дэт унэ ныкIуэкъутэхэм ящыщ щым щIэсахэр кьыщIагъэкIри псэупlэщIэхэр иратащ, адрей унэ зэкlэлъымыкIуэхэм щIэсхэри кьыщIагъэкIын хуейщ».

(Кlэухыр 2-нэ нап.).

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

IэнатIэ гугъу

Балъэзгъэуэм и 7-м республикэм и Правительствэм и Уиэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакlуэ комиссэцIэм и яп къыдэгъэщыныгъэ зэIущIэр.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Бечелов Ильяс,** Урысейм и Хэхакlуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм и лыкIуэ, Ипщэ Федерал щIыналъэм хэхьныгъэ Iуэхухэр щыгъуэнуI, философие щIэныгъэхэм я доктор **Шайпиев Сияпшах,** Дагъыстан, Шэщэн республикэхэм я Хэхакlуэ комиссэхэм я унафэщIхэу **Халитов Магомедр Байханов Исмэхьилрэ.**

Зэхуэсахэм хьэщIэхэр яригъэIыхуа нэужь, **Зумакулов Борис** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакlуэ комиссэцIэм хахахэм ирагъэза дзыхь льагэмкIэ гуапэу екъуэхъуащ. Зыпэрыхьар жэуаплныбгъэпIэуэ зыпыIть Iэнатlэу зэрыщытыр кьигъэльагъэурэ, ар кьытеувыIащ мы зэман гъунэгъум абыхъэм кьалэн гугъу кьазэрыпэщытым. Апхуэдизу УФ-м и Президентыр, Къэрал Думэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, щIыпIэ самоуправлениэмкIэ Советхэм я депутатхэр хэхьным ехьэлIа Iуэхухэр, нэгъэщIхэри.

Федерал законымрэ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и регламентымрэ я пкIи иткIэ, зэIущIэр кьыгъэIунхащ комиссэм хэтхэм ящыщу ныкькIэ нэхъыжь **Iэшэ Индрис.**

«Хэхьныгъэхэм техуэа щэсыпIэ нэхъыщхьэхэмрэ референдумхэм хэтныныкIэ Урысейм и цIыхухэм яIэ хуитныныгъэхэмрэ я Iуэхукlэ» Федерал законым и 22, 23 статьяхэм, адхуэдизу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ законым и 5 статьям тету КъБР-м и Парламентымрэ республикэм и Президентымрэ Хэхакlуэ комиссэм хагъэхьащ кlэух унафэхэр кьыщащтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту цIыху 14. Ахэр **Аласов Юсуп, Iэшэ Индрис, Евтушенко Сергей, Атмурзаевэ Иринэ, Джэш Вячеслав, Мэщыкьуэ Жанэ, Нало Николай, Нестеренко Сергей, Соблир Руслан, Текlушэ Артур, Тап Руслан, Тупикин Андрей, Фриев Рамазан, Щадзыкьо Iэшэ** Юрэ сымэщ. Республикэм и Хэхакlуэ комиссэщIэм хагъэхьахэм я щIэхэр къраIуэу япэ кьызэгъэпэщыныгъэ зэIущIэр кьызэIуаха нэужь, **Шайпиев Сияпшах** къеджащ Урысейм и ЦИК-м зэхьхьэм хэтхэм кьихуигъэхьа хъуэхъум. Иужькlэ зыпэрыта Iэнатlэм щIа фIыщIэхэм папщIэ абы **Зумакулов Борис** иритыжащ Хэхакlуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм и дамытэ нэхъ льапIэ дыдэр - Урысейм и ЦИК-м и Щыхь бгъэхэIур. Апхуэдэу Комиссэ Нэхъыщхьэм и Щыхь тхьылъэр кьыхуагъэфащащ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщIым и кьуэдзэу щыта **Бесльэней Къералбийрэ** и секретарь пэжыа **Пантелеевэ Валентинэрэ. Iэшэ Индрис** фIыщIэ тхьылъ кьратащ.

Урысейм и ЦИК-м кьыхиутхьа кандидатурэм арэзы техьэри, зэIущIэм хэтахэм, щэхуу ирагъэкIуэкIа Iэ Iэткlэ **Тупикин Андрей Николай и кlэуэ** КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщIэу хахащ. **Джэш Вячеслав Мыцэ и кlэуэ** абы и кьуэдзэщ, **Атмурзаевэ Иринэ Ахьмэт и пхьур** комиссэм и секретарь. Абыхэми я кандидатурэр зэдэразэуэ даIыгъащ.

Республикэм и Президентымрэ Парламентымрэ я щIэкIэ Бечелов Ильяс комиссэщIэм хагъэхьахэм эхуэхьэхуащ, Зумакулов Борис и унафэм щIэту илъэс куэдкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыха гупым фIыщIэ яхуищIащ.

ЗэIущIэм и кIэм Шайпиев Сияпшах къигъэльэгъуэми я нэхъапэхэми хуэдизу сыткIи кьаэзрыдэIэпыкъунур, я нэIэ кьыззэрытрагъэтынур икIи хэхьныгъэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щIыпIэхэм я къызэрыщыгъэгъэпэщыжу гъэзэщIэгъуэ щытамэ, иджы абыхъэм щхьэкIэ пэш щхьэхуэхэр щыIащ.

ЛЬОСТЭН Муэ.
Май район.

● Мэкъумэш

Цыпцэ медалу тху

Ростов щIыналъэм щекIуэкIащ «Урысей губгъуэм и лахуэ - 2007» зыфIаща Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ.

АБЫ япэу кьекIуэпIахэм ящыщщ Урысейм и Президент Путин Владимирэ Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумым хэтхэмрэ, Абыхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсени.

Мэкъумэш форумым зэхуишэсащ Урысейм-рэ нэгъэщI къэралыгъуэхэмрэ кьаблагъэкIа компание, предприятэ 300-м нэс.

ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерысыкIыным и министр Ерчэн Тембулэт зи пашэ мэкъумэшыщIэ гуп. Аксайскэ куейм щекIуэкIа выставкэм къэкIыгъэхэр егъэфIэкIуэныкьмкIэ ягъуэта зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ щIэныгъэкъутакIуэ Iуэхущапlэ щIэрыIуэхэм. Абыхэм яхэтащ Урысей мэкъумэш академием мэкъумэш хозяйствэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр. Институтым и унафэщI Мэремыкьуэ Арсен зэрыжиIэмкIэ, ди республикэм и мэкъумэшыщIэщIэныгъэIэхэм форумым щагъэлъэгъуащ. КъБНИИСХ-м и селекцIэ лэжьыгъэхэм щыщ гъавэ, хадзэжI гибрид лIэужьыгъуэу 22-рэ. Ди щIыпIэр сыткIи ззэгъэкIи бэгъащ инэ-зыт нартыху, бжьыхьэсэ гуэдз, кIэртIофэ, хуту жылапхъэщIэхуэ зыкъуагъэфощащ щIэмедалу 5-рэ «Урысей и губгъуэм и лахуэ - 2007» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм и щIыхь тхылъ-рэ.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Бэч.

● Охуэныгъэ

Зэман кlэщIым къриуфыдзу

МАЙ куейм хыхьэ Октябрьскэ жылагъуэм дэт амбулаторэр зыхуей зэрыхуамыгъэзэфэгъэ илъэс куэд хьуащ. Абы гу льитат КъБР-м и Президент Кьаноокъуэ Арсен, мы районым кьыщыкIуам, икIи жылагъуэ администрацэм пщэрыль щищIат зэман кlэщIым кьриубыдэу унэр зэрагъэпэщыжыну. Мы гъэм и накьыгъэ мазэм ухуакIуэ бригадэхэр зыпрыуба лъэжьигъэр и кlэм нэсау; унащхьэ зэрахъуэкlащ, сымаджэхэр дохутырым щыпэлъэ пэш хуит щIэуэ кьыпащIыхьащ. Зэман и пэкIэ сабийхэми балигъхэми я узынщагъэр зы пэш закъуэм кьыщащIыгъу щытамэ, иджы абыхъэм щхьэкIэ пэш щхьэхуэхэр щыIащ.

ЛЬОСТЭН Муэ.
Май район.

● Хъуэхъу

Цыкlуми инми я гум дыхьэ Хьэпфэн Алим

Нобэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ прокъу щэрджес литературэм и тхьэмадэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ Хьэпфэн Алим.

АР КъШР-м и Хьэбзэ районым хыхьэ Зеикъуэ кьуажэм 1922 гъэм кьыщалъхуащ, дэз кьулыкъуэм ираджауэ, Хэку зэуэпхуэу кьыщыхъуащ, я нэ Украин фронтым хэту зэуащ, кьигъэлъэгъуа лIыгъэм и щыхьэту ЩIыхь орденыр (ещанэ нагъыщэ), «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалыр, нэгъэщI дамыгъэ лъапIэхэр кьратащ.

Зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр кьызэринэкIа нэужь, 1948 гъэм Алим щылэжьащ адыгэ газетми, телерадиовещанэмкIэ комитетми, Горькэм и цIэр зезыхьэ Литинститутым и курс нэхъыщхьэхэм 1961 - 1962 гъэхэм щIэсащ, 1967 гъэм институтыр кьиуэкащ. Къэрэшей-Шэрджэс тхылъ тедзапIэм редактор нэхъыщхьэу, щIыналъэ тхакIуэ организацэм чэнджэщкIуэу ЩIэпIэгъэн Хьэфэныр щылэжьащ, 1982 гъэм пенсэм кIуэху.

Адыгэ тхылъеджэхэм Алим кьызэрацIыхур абы къыдигъэкIа сабий уэсхэр, рассказхэр зэрыт тхылъ цIыкIуэхэмрэ балигъхэм папщIэ и Iэдакъэщ Iэкlэхэмрэ я закъуэкъым, абы и псалъэхэмкIэ Тхъабысым Умар, Даур Аслъэн, Гъуэт Хьэсин сымэ ятха уэрэдхэр нобэми цIыхубэм яIурылъ. Сыт и уасэ «Адыгэ нэмыс» уэрэдым и закъуэ? Абы и творчествэр щадж Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм я еджапIэхэм, а щIыпIэхэми, адыгэзэ щыпсэу нэгъэщI щIыналъэхэми кьыщоIу абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд дахэхэр.

1957 гъэ лъандэрэ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, адыгэ литературэм и жьантIэдэс нэхъыжьыфIым КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм кьабгъдэкIыу дохъуэхъу цIыкIуми инми я гум дыхьэф и Iэдакъэщ Iэкlэхэмкlэ адыгэ лъэпкъыр игъэгушхуэу, узынщэу куэдрэ дапэ итыну.

Сурэтыр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

● Зэпеуэ

2007 гъэм и фIыгъэ мазэм и фIыгъэ махуэм

Налшык щыIэзэхэщ лъакъуэрыгъажэкIэ кьызэдэжэн, волейбольмкIэ, футбольмкIэ, псы есыныкIэ, сурэт щIыныкIэ зэпеуэхэр. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм я гукъыдэжкIи ныдэджьжьыным екIуэкIа лъакъуэрыгъажэмкIэ зэпеуэм. Абы щытекIуауэ къаблытар япэу кьсахэм я закъуэкьым, атIэ 7-нэри, 77-нэри зи насып кьикIахэм хабжащ.

Мы сурэтым ит ныбжьыщIэхэм я нэгум кьрих гуфIэгъуэм наIуэ ящещI а махуэм екIуэкIа Iуэхум щIалэгъуалэр нэхьри зэрызэкъуигъэувэр.

● Тхьылъыщ Iэ

Ещанэри дунейм кьытохьэ

Республикэ полиграфкомбинатым и «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм ящыщ ящыщ ящыщ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я щыхьэ тхакIуэ, СССР-м, Урысей Федерацэм, Адыгеим я къэрал саугъэтхэм я лауреат, Шолохов Михаил и щIэнIэ щыIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я саугъэтхэм я лауреат Мэшбашэ Исхьэкъ и «Восход и закат» тхылъыр.

МЭШБАШЭМ и Iэдакъэщ Iэкlэхэм щыщу мыр ещанэу Налшык кьаIэ дунейм кьыщыт окъэ, адыгэ хэр урыс лъэпкъым зэныбжьэгъуГъэкIэ зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрыхьум хуэгъэпсауэ. Абы и пэкIэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ «Ридаде», «Адыгэ хэр» романхэр. Тхылъыщмэ кьызэщIаубыдэ Х лъэщыгъуэм щыщIэдзауэ XVII нэс ди лъэпкъым кьикIуа гъуэгуанэр. Романхэм щIагъуаз дащI Ридадэ щыщхьэс мамлюкхэм я кьеклуэкIыкIам, Идар Темркьыкъуэ ипхъу Iуащэнэ, Грозный Иван щхьэгъусэ хуэхъуу, лъэпкъитIыр благъэгъэкIэ зэрызэгухьам.

Мэшбашэ Исхьэкъ и тхылъыр зыщекъэзырар икIи псалъэпэ хуэзытхар "Адыгэ псалъэ" газетым и редактор нэхъыщхьэ, щIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэдщ.

ТХЬЭХУЩIЫНЭ Iанэ.

Дунейм къытохьэ

«Адыгэ хабзэм» пэкIуа ахъшэр иратыж

АДЫГЕЙ. *«Адыгэ хабзэ» тхылъыр зэхэзыгъэувахэм мыгувэу ахъшэ саугъэтхэр Адыгейм и президенту щыта Шэумэн Хьэзрэт яритыжынущ. ТхакIуэхэм жраIакIэщ «Москва и банкым» и кьудамэу Мейкьуапэ дэтым абыхэм я счетхэр кьыщызэIуахынущ.*

ФИГУ кьэдгъэкIыжынщи, 2005 гъэм Шэумэн Хьэзрэт и жэрдэмкIэ ди лъэпкъ хабзэм техуэу тхылъхэр зэхэзгъэувэныжмкIэ республикэм зэхъэзэхуэ щекIуэкIауэ щытащ, текIуэхэм я цIэхэри кьраIуащ. Тхыльхэм нэхъыбэу елэжьар тхакIуэхэмрэ щIыныгъэлIхэмрэщ.

Зэхъэзэхуэм щытекIуахэмрэ пригер хъуэхэмрэ ахъшэ саугъэтхэр нэгъабэ иратыжауэ щытын хуеящ, арщхьэкIэ нобэр кьыздэсым ар ягъэзэщIакъым. Апхуэдэу щыхъум, зэпеуэм хэтахэр щIыпIэ правительствэм щытхъэуэсыхащ. Иужьрейм Iуэмэн Хьэзрэт зыхунгъэзащ, Iуэхур игъэзэкIуэжыну ельэIуу.

Республикэм и президенту а лъэхъэнэм щыта Шэумэным кьигъэгугъащ саугъэтхэр псомэ яритыжыну. Япэ уиIэпIэм щхьэкIэ сом мин 500, етIуанэм - сом мин 300, ещанэм - сом мин 200 хьууэ. Ауэ тхылъхэр кьыдэгъэкIыным текIуэда сом мелуаным нэблагъэр республикэ бюджетым кьыхэкIынущ.

Чернобыльцхэм ятеухуауэ

АБХЪАЗ. *Республикэм и Президент Бэгъэпщ Сергей нажьблагъэ хэпльащ Чернобыль АЭС-м кьыщыхуа аварием и Iуэжьхэр гъэкIуэдыжьым хэтахэм ядэIэпыкъуным теухуа проектым. Ар игъэхъэзыращ щIыпIэ правительствэм.*

ПРОЕКТЫМ кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Чернобыль а лъэхъэнэм щылэжьа цIыхухъуэр пенсэм ягьакIуэ илъэс 50-м, цIыхубэхэр - 45-м. Абыхэм, ныкъуэдыкъуэ хъуахэм пенсэу сом 1500 - 2500-рэ хуагъэувынущ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэ мазэ кьэс сом 700 иратынущ. Абы нэмыщIкIэ, абыхэм ящыщу унагъуэр зи пщэ дэльар дунейм ехьэжмэ, балигъ мыхьауэу кьыщIэна и бынхэм дэтхэнэми сом 700 мазэ кьэс иратынущ. Апхуэдэуи псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм, газым, псым, телефоным щIатхэмкIэ худачыхынущ.

ХЬЭщЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм ящыщу

Газэм къокIыж

Газэ щIыпIэм къикIыжри дыгъуасэ къежьажащ Урысеймрэ СНГ-мрэ ящыщу аргуэру зы гуп.

Абыхэм жаIэ Палестинэм ущыпсэуныр псэзэпылъхьэпIэ зэрыхъуар.

Анкваб и фэбжьыр инкъым

Гудауэ икIыжу Сыхъум щыкIуэжьым уIэгъэ ящIащ Абхъазым и Правительствэм и унафэщI Анкваб Александр.

Фэбжьыр инкъым: сымаджэщым яша иужь ар куэдрэ ямыIыгъуэ зутIыпщыжащ. БзаджащIэхэр кьалъхьхъуэ.

Ишаев Виктор и кьулыкъуэ кьыхуонэж

Хабаровск крайм и губернатору хахьжащ Ишаев Виктор.

Абы и телъхьэу Iэ яIэтащ хабзэгъэув зэхуэсым и депутатхэм я нэхъыбэм. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ абы и кандидатурэр кьыхилъхьат УФ-м и Президент - Путин Владимир. Къэралым и Лыгъэ щхьэм зытрищIыхьар Ишаевыр и лэжьыгъэм фIыуэ зэрыпэлъэщырщ. Ар абы кьиргъэлъэгъуащ губернатор кьулыкъуэр зэрызэрихьа илъэс 16-м.

Зыхуэмей зхьащIэхэр

Одессэ къекIуэлIащ НАТО-м и кхъухьхэр.

Ахэр хэтыныуI Атлантикэ Iащхъэрэ блокыкIэрэ Украинэмрэ я къарухэм зэгъусэу ирагъэкIуэкIыну зауэ хуэIухуэщIэхэм.

НАТО-м и кхъухьхэр Одессэ зэрекIуэлIар ядэрэкъым къэралым и цIыху куэдым. Абыхэм я мыарэзыныгъэр кьагъэлъагъэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, гъуэгуфэр щызэхуащIа щIыпIэхэр щыIащ.

Мэзхэр мафIэм зэщIещтэ

США-м и щIыналъэ зыбжанэм и мэзхэр мафIэм зэщIищтащ. Зы цIыху зэкIуэдащ.

КхъэхъуктащIэ шынагъуэм егъэгулэз Тыркури. Мыбыи щыхъуабащэщ. МафIэсыр гъуэнагъу хуэхъуащ дуней псом щыцIэрыIуэ Анталье къалэм.

Кхъухьлъатащ Iэ

«Боинг» американ корпорацэм игъэхьэзыраш мы зэманым цIыху кьезыгъаIурэ нахъ кхъухьлъатэфIу щытыну «Боинг-787»-р.

Иджыпсту щыщIэдзауэ абы щIэуэпщIэшхуэ иIэщ. КхъухьлъатэщIэр ягъэхьазыращ нэгъэщI къэрал зыбжанэр ядэIэпыкъуу. Псом хуэмыдэу

Пчыхьэ щыгъуэ

Уи бгым уи бгъэгъэ умыIэж

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Хэкіыпіэхэм мэлъыхъуэ

(Кіэуэхыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.)

Іуащхьмахуэ муниципалнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Гызыев Берт Пеиздентымрэ абы и гъуэхэм-рэ яжриІащ етІуанэ эн хъкъэрэн эзрыпрахэр, а гъэжьгъэм дяпэкІи зэрыпащэнур.

Республикэм ухэпыгъэмрэ архитектурэмкІэ, транспортымрэ гъэхэу хозяйствэмкІэ и министрхэу Афэщіагъэу Михаилрэ Сунш Ануарбийрэ захуигъаззэри Президентым жиІащ Тырныауз къыдэм зегъэужьыным гулъытэ хэха зэрыхъуэщІыпхъэр.

Іуащхьмахуэ районым и сымаджэщыр къыщыдзэхнКІуэхым Кьаноокьуэ Арсен щы-гъуаэз зищІащ езым и ахъшэкІэ мы Іэхэущіапіэм къыхущхуэ реанимобилыр тэмэму къыззрагъэсбэным. Ухым щагъкъэ» лъэпкъ проектым ипкъ итКІэ къаІэрыхьа Іэмэпсымэщіэр зэрыпажьэм. Адэкіэ Президентым къызэхуэсахэм яжриІащ дяпэкІэ зэфІэгъэкІыи хуеІуэ къыпытэхэр. Абы къыхигъэщхъуКІащ сымаджэщым и унэр тэмэму зэгъэпэжыщынымкІэ сметэр мы гъэм фокІадзэм и 1-м ирихьлІэу ягъэхъэзырыну, лъэпкъ проектым къыщамылытэзу къэнахъэм ящыщу нэхъ фІэкІыпІэ зимыІэ Іуэхуэр, псалъэм папщІэ, медицинэм кьащагъэсбэп иджырей техникэр къэщэхуныр «Узынщагъэ» республикэ программэ хэхам хагъэхъуну къыззэриГъэуыр. Абы и жэуапу узынщагъэр хъумэнымкІэ министр Бицу Вадим жиІащ 2008 гъэм теуХуаУэ мыгувэу къыхалъхьэну программэм а псори зэрыхаГъэхьар.

«Бахьсэн» спорт комплексым щыкІуам Президентыр футбол щыдзэгу губгъуэм ихьащІи мыбы къыщыхъуэ гъэпэща гъэмахуэ лагерым зыщызыгъэпсэху сабийхэм яхэпсэлъыхьащ.

Тырныауз кьалэм ДзТ лицей №1-м школ нэхъыбІхэм-рэ белджькІыным теухуа конкурсым зэрыщытекІуам папщІэ саугъэту сэ зы мелуан кьратащ. Мыбы и спорт залыр тэмэму зэгъэпэщащ, еджапІэ кабинетхэм зыхуей псори яІэщ, химиемкІэ лабораторэр ищхъэ еджапІэм ейм къыкІэрыхуэрхьым.

Бахьсэн Ипщэ кьуажэм екІуалІэ гъуэгур зэрыхашрэ зэи зэрагъэпэщыжауэ къыщІэкІынкъым. Кьуажэ школым нэсхуэкІэ ар сэлъм и щхьэкІэ ирэзынгъэм дяпэкІи зэрыпащэнур.

Республикэм зэхуэсыгъэмрэ архитектурэмкІэ, транспортымрэ гъэхэу хозяйствэмкІэ и министрхэу Афэщіагъэу Михаилрэ Сунш Ануарбийрэ захуигъаззэри Президентым жиІащ Тырныауз къыдэм зегъэужьыным гулъытэ хэха зэрыхъуэщІыпхъэр.

Іуащхьмахуэ районым и сымаджэщыр къыщыдзэхнКІуэхым Кьаноокьуэ Арсен щы-гъуаэз зищІащ езым и ахъшэкІэ мы Іэхэущіапіэм къыхущхуэ реанимобилыр тэмэму къыззрагъэсбэным. Ухым щагъкъэ» лъэпкъ проектым ипкъ итКІэ къаІэрыхьа Іэмэпсымэщіэр зэрыпажьэм. Адэкіэ Президентым къызэхуэсахэм яжриІащ дяпэкІэ зэфІэгъэкІыи хуеІуэ къыпытэхэр. Абы къыхигъэщхъуКІащ сымаджэщым и унэр тэмэму зэгъэпэжыщынымкІэ сметэр мы гъэм фокІадзэм и 1-м ирихьлІэу ягъэхъэзырыну, лъэпкъ проектым къыщамылытэзу къэнахъэм ящыщу нэхъ фІэкІыпІэ зимыІэ Іуэхуэр, псалъэм папщІэ, медицинэм кьащагъэсбэп иджырей техникэр къэщэхуныр «Узынщагъэ» республикэ программэ хэхам хагъэхъуну къыззрагъэуыр. Абы и жэуапу узынщагъэр хъумэнымкІэ министр Бицу Вадим жиІащ 2008 гъэм теуХуаУэ мыгувэу къыхалъхьэну программэм а псори зэрыхаГъэхьар.

«Бахьсэн» спорт комплексым щыкІуам Президентыр футбол щыдзэгу губгъуэм ихьащІи мыбы къыщыхъуэ гъэпэща гъэмахуэ лагерым зыщызыгъэпсэху сабийхэм яхэпсэлъыхьащ.

Тырныауз кьалэм дзт

Япэ адыгэ цIыхубз усакIуэ

Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) ЩIэныгъэ Академием и президиумым хэтхэр хэпльэрт щэуэ абы хагъэхьэну къабгъэльэгъуакъэм я уэрэдхэм. Абыхэм яшыщт япэ адыгэ цIыхубз усакIуэ цIэрыIуэ Балъкъэр Фоусэтм. Псори зэдэарэзыуэ я къагъэльэгъуащ академикыIуэ хахыну. Куэд мыщIэуи а цIэ лъапIэр къыфIащащ. Апхуэдэ пщIэшхуэ, гулъытэшхуэ кIыхьащIи и пэ Фоусэт къикIуащ творческэ гъэзэгъанэ мытынш.

УСАКIУЭ гуп хьэщIэу езыгъэблэгъа завод лэжьакIуэхэр клубышхуэм щIэмыхуэу щIэст. УсакIуэхэр чэзуэ кьыдэкIыуэ я усэхэм къеджэрт. ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIым псалъэ ирет Балъкъэр Фоусэт. Абы и цIэр зэрызэхахыу, залым щIэсхэр нэщхьыфIэу Iэгу йоуэ: шэч хэмылъу, абыхэм фIыуэ ящIэрт Фоусэт и цIэр, щыгъуазэт абы итха усэ, уэрэд куэдым.

Фоусэт къэтэджри и усэхэм кьеджэу хуежьащ. Ар кьеджэрт зэпIэзэрыгъ, дэтхэнэ и псалъэри Iупщlу, гъэхуауэ. ЦIыхубз макъ гуакIуэм икьэхуауэ, абы и псалъэ шэрыуэхэм, гупсысэрэ гурыщIэкIэ гъэнщIакъэм зэщIаубыдауэ, цIыхухэр щым дыдэ зэщIэхъуакIауэ щыст...

Усэхэм кьеджэн ияха нэужь, Iэгуауэ ин хуаIэтри, Фоусэт и пащхьэ лэжьакIуэхэм къаригъэувэ удэ гъэгъа зэрыльмэ затэхэр, и Iэр гуапэу къаубыд, къыхуэгуфIэуэрэ зыгуэркIэ къыхаIэ...

Фоусэт тIысыжауэ цIыхухэм яхоплъэ. Иджыпсту абы арэгуэру зэ зыхищIащ усакIуэм и насыпт нэхъ ин дыдэр - абы и тхыгъэр цIыхум я гум дыхьэу, я гурыщIэхэм нэсыфу, ахэр Iуэхуфlхэм хуигъэшуэ, я псэр нэхъ къулей ищIу щытыныр зэрыларэр. Апхуэдэ насыпи иIэщ усакIуэ Балъкъэр Фоусэт.

Мы усакIуэр лъэпкъ литературэм къыхьыжащ зауэ нэужь илъэсхэм. Къыхьыхащ щIэщыгъуэу, гурыщIэ кьабзэкIэ гъэнщIа, щIалэгъуэ жанымрэ лэжьыгъэм и гуфIэгъуэ инымрэ дамэу зытет и усэхэмкIэ. Усыгъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэм заниIуэ гу лъатауэ щытащ абы цIыхум якриIэн зэраркриIэн усэбзэ кьабзи зэриIэм, гъащIэм нэ жанкIэ зэрылхьыпIлъэфым, адрейхэм гу зылъымытэ куэдым гъащIэгъуэуэ зэрытетхъыжьащ, гупсысэ куухэр и усыгъэхэм зэрыхьэфым, икIи критикхэм, тхылъеджэхэм къагурыIат ди литературэм зи фэгъу хэмытэ макъыщIэ, абы кьыдэкIуэи япэу усэ итхын щIэзыдза адыгэ цIыхубзым и макъ, езым и шыфэлIыфэ иIэжу къызэрыхьыхар.

Бахьсэн ярыуэ и толкъунхэм я макъыр щыIу Кьыщпэк адыгэ къуажэм къыщIэкIуэрт Фоусэт зыфIаща хъыджэбз цIыкIур. Илъэсих фIэкI мыхъуу ар школым яфIыщIэтIыскъауэ щытащ. «Уэ иджыри уцIыкIыщ, зэкIэ укъатщтэ хъунукъым» къыжьаIэ егъэджакIуэ цIыхубзым и пащхьэ къиувэри, абы усэ кьеджэу щIидзащ. А усэхэм яхэтт егъэджакIуэм зэи зэхимыхахэри. Ахэр зытхакIэ щеучIыным, хъыджэбз цIыкIум жиIащ: «Сэ иджыри сытхэфыркъым, ахэр гукIэ зэхэслъхьауэ аращ». Абы иужькIэ егъэджакIуэм Фоусэт и цIэр журналым иритхащ...

ИлъэсиблкIэ щеджащ ар я къуажэ школым. ИтIанэ, егъэджакIуэу лэжьэн щIедзэ, Налшык дэт педагогикэ училищэм щIотIысхьэ. Ар къиуха нэужь, хъыджэбз жаныр кьуажэ Советым и депутату хах, абы секретарыи щолажьэ. И пашкьIэ щIалэмэ, Фоусэт фIыуэ щыгъуаэзт кьуажэдэсхэм я гъащIэм, ахэр зыщIэхъуэпсхэм. Арат зытриухуэр хъыджэбзым и яп усэхэри.

Иужькъэ Фоусэт, бынищым я анэ хъуауэ, Налшык къоIэпхьуэ. Ди университетым щеджэу, ар 1957 гъэм ягъакIуэ Москва Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым. А зэманым ирихьалIэу абы и тхылъ куэд кьытехуат газетхэм, журналхэм. 1958 гъэм Налшык тхылъ тедзапIэм ихьедгъэкI Балъкъэр Фоусэт «Нэхущ» зыфIища и япэ усэ тхылъыр. Ар щыхьэт техъуэрт усакIуэм гъащIэм фIыуэ зэрыхищIыкIым, и гупсысэхэр, гурыщIэхэр гъэхуауэ, кьехьэкI-нехьэкI хэмылъу бзэ шэрыуэкIэ кьызэриIуэтэфым. Тхылъым ихуат лъагъуныгъэм теухуэ усэ куэди. Аха́рат зэкIэ Фоусэт нэхъ зыхуэIэрыхуэри. Ауэ лъагъуныгъэмэ абы бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэт. Псалъэ дахэ кьудейкъым лъагъуныгъэр, жиIэрт усакIуэм. КьыбжаIэ псори уи фIэщ умышI, куэд кьыпхуеыгъэкIуэкIым зыщыхьэмэ, уи щхьэр иумыгъэгъэунаэз. А псори тхат усэбзэ зэщIэжьыуэкIэ, кьеджэхэм ягу кьинэжу. Ара хьунщ Фоусэт и яп усэхэм ящыщ куэдым ди композиторхэм макъамэ щIалъхьауэ щIыщытар.

Литературэ институтым щыщIэса ильэсхэм адыгэ цIыхубзым тхылъищхэр щIидзыкIащ, ар яуIащэт тхакIуэ усакIуэ, гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм. Абыхэм я чэнджэщхэр сэбэпышхуэ хъуащ Балъкъэрым и творчествэм нэхъри зиузащIыныжкIэ, унэтIыныгъэ тэмэм игъэтынымкIэ.

Апхуэдэурэ къэсат къэрал экзаменхэр щитын хуей плльэр. Диплом лэжьыгъуэ абы игъэхьэзырат «Дыгъэ ткIуэпсэ зыфIища усэ тхылъым и Iэрытхыр. Абы щыгъуаэз зыхуищIа нэужь, мыпхуэдэу итхат институтым и егъэджакIуэ, литературовед цIэрыIуэ Архипов Владимир: «Балъкъэр Фоусэт и лIыхъужь цIыхубзыр - езыр зыщIэхъуэпсэхэм, и гурыщIэхэм, и гущIагъэщIэлъхэм, и гупсысэхэм, илэжьхэм зауэхуагъэ зэрыхэлъыр зи фIэщ хъу цIыхуущ. Абы и дунейр бзыгъэщ, инщ, гъаГъуныгъэ зэрытетхъыжьащ, гупсысэ куухэр и усыгъэхэм зэрыхьэфым, икIи критикхэм, тхылъеджэхэм къагурыIат ди литературэм зи фэгъу хэмытэ макъыщIэ, абы кьыдэкIуэи япэу усэ итхын щIэзыдза адыгэ цIыхубзым и макъ, езым и шыфэлIыфэ иIэжу къызэрыхьыхар.

Бахьсэн ярыуэ и толкъунхэм я макъыр щыIу Кьыщпэк адыгэ къуажэм къыщIэкIуэрт Фоусэт зыфIаща хъыджэбз цIыкIур. Илъэсих фIэкI мыхъуу ар школым яфIыщIэтIыскъауэ щытащ. «Уэ иджыри уцIыкIыщ, зэкIэ укъатщтэ хъунукъым» къыжьаIэ егъэджакIуэ цIыхубзым и пащхьэ къиувэри, абы усэ кьеджэу щIидзащ. А усэхэм яхэтт егъэджакIуэм зэи зэхимыхахэри. Ахэр зытхакIэ щеучIыным, хъыджэбз цIыкIум жиIащ: «Сэ иджыри сытхэфыркъым, ахэр гукIэ зэхэслъхьауэ аращ». Абы иужькIэ егъэджакIуэм Фоусэт и цIэр журналым иритхащ...

ИлъэсиблкIэ щеджащ ар я къуажэ школым. ИтIанэ, егъэджакIуэу лэжьэн щIедзэ, Налшык дэт педагогикэ училищэм щIотIысхьэ. Ар къиуха нэужь, хъыджэбз жаныр кьуажэ Советым и депутату хах, абы секретарыи щолажьэ. И пашкьIэ щIалэмэ, Фоусэт фIыуэ щыгъуаэзт кьуажэдэсхэм я гъащIэм, ахэр зыщIэхъуэпсхэм. Арат зытриухуэр хъыджэбзым и яп усэхэри.

Иужькъэ Фоусэт, бынищым я анэ хъуауэ, Налшык къоIэпхьуэ. Ди университетым щеджэу, ар 1957 гъэм ягъакIуэ Москва Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым. А зэманым ирихьалIэу абы и тхылъ куэд кьытехуат газетхэм, журналхэм. 1958 гъэм Налшык тхылъ

● Юбилей

Мы письмор къэзытхами езы Фоусэти абы щыгъуэ ящIэртэкъым Венгриеи и композиторхэри а усэм зэрыдихьэжар. Ар зэрыхьэуар мыпхуэдэущ.

«Крестьянка» журналыр, Фоусэт и усэхэр зэрытыр, Iэрыхьащ мэжкъэ (венгр), усакIуэ, историк икIи географ Антал Сатмари. Абы усэхэр игу ирихьри мэжкъубзэкIэ зэридзэкIащ. «Гъатхэ жэщхэм умыжей» усэр абы ихьащ Венгриеи и Композиторхэм я союзым. Композитор пщыкIутхум мурад ящIащ абы макъамэ щIалъхьану. Абыхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Йожеф Палинкащ.

Антал Сатмари Фоусэт кьыхуитха письмом итт: «ПщIэ зэрыуэсщI Фоусэт! Уэ, дауи, тхыгъэфI куэд уиIэщ, ауэ «Гъатхэ жэщхэм умыжей» усэм фIэкI нэгъуэщI зыри умытхами, уэ пхуэфащэт усакIуэ цIэр». Адэкlэ Антал Сатмари кьитхыпт мэжкъэ журнал «Не Лапиа» жыхуиIэм Балъкъэрым и гуащIэм теухуа тхыгъэ и усэхэри зэрытригъэдзар, зи гугъу тщIа уэрэдыр Будапешт кьыщыдэкIа (уэрэд) тхылъышхуэм зэрихуар. Абы и ужькIэ Фоусэт Венгриеи щиIэ хъуа и ныбжьэгъухэм ирагъэблагъэри, гуапэу кьыIущIауэ щытащ.

Апхуэдэу, усэм и лъэкIыныгъэкIэ зэшIэлIа хъуат къэралитIым щыпсэухэр. Адыгэ усакIуэм и Iэдакъэщ Iэкlхэр мэжкъэ тхылъедджэхэм я деж нэсат. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ, Iэззу тха усэм и кьарур инщ. Абы щIэркъым къэрал гъунапкъэ, ар дэни нэсынущ, щIыхуухэр, лъэпкъхэр зэныбжьэгъу, зэщIыхугъэ ящIу.

Балъкъэрым и тхыгъэ куэд зэрадзэкIащ СССР-у щыта къэралыгъуэм щыпсэуа лъэпкъ куэдым я бзэкIи, абыхэм щыгуаозэ хъуащ хьэрып, тырку, нэмыц, франджы, чех, испан тхылъеджэхэр, нэгъуэщIхэри. Ар щыхьэт тохъуэ Фоусэт и усыгъэхэм яхэтъ гупсысэр, гурыщIэ щыху куэдым кьызэращтэм, абы и усакIуэ Iэзэрыуэхэм ину зэрызиуэкIам, бгырыс щIыхубзым иIэ хъуа щэнхабзэ лъагэм.

Жыпlэ хъунущ, адрей ди тхакIуэ, усакIуэ нэхъ пажэхэми хуэдэу, Балъкъэр Фоусэти адыгэ литературэм, зэрыщIэту Урысей литературэ псом я лIыкIуэу зэрыщIытыр. НэгъуэщI къэралхэм щыпсэуэхэр ди гъащIэм, ди хабзэхэм, дыщыпсэу щыпlэм щыпсэуэхэр ди Iэщlэм имыщIа пэтми, иджы дэ долъагъу Балъкъэрыр Iэзэхуэгъуэ куэдым зэрытетхъыжьыр. Абы и усэхэр треухуэ Хэкум, лъэпкъым, ди хабзэ дахэхэр хъума хъуным, анэ гуапагъэм, адэм хуиIэ пьагъуныгъэм, щIыху хьэлэл псори зэныбжьэгъуу щытыным, нэгъуэщI куэдми. Ар дэ щыдолъагъу Фоусэт и тхылъхэу «Кавказым ипхъуэ», «Псом нэхъ лъапIэр», «Гугъэм и лъэрыгъ», «Уафэр хьэдыкI», «Ныбжьэгъуэм и Iэр», «Укъыволъхьэуэ, си адэ», «Кьыр щхьэщыт уэрэд», «УэрэдыщIэ» тхылъхэм, нэгъуэщIхэми. Ахэр я щIыхьэтщ Балъкъэрым и усакIуэ Iэзэгъэр ину зэрефIэкIуам.

УсакIуэм иIа мурад, пльапIэ дахэхэм хуэкIуэфын папщIэ, сыт хуэдэ гъуэгу гугъури кьызэринэкIащ.

Гуауи гуапи, шит!
зэбгъурыщIауэ,
Сэ я IумпIэр сIыгъыу,
Гугъуи тынши псэкIэ
зыхэсщIауэ,
Илъэс зэмыфэгъухэм
сапхрокI,
ГъащIэ бгыщхьэ! СынокIуэ
уи щыгум.
СиIэ гугъэм си лъэр
псынщIэ схуещI.

Зыщ1эхъуэпс лъагапIэм усакIуэм кьыщитуэтыну хуеящ гу хьэлэл, псэ кьабзэ зиIэ, хабзэ дахэм тету псэу цIыху насыпыфIэхэр.

Лириким кьыдэкIуэу, дунейм кьытехьащ Балъкъэрым и эпикэ тхыгъэ куэди. Абы итхащ поэмэ: зыбжанэ: «УкъыIозолъхьэуэ, си адэ», «Фаридэ», «Гум ихужкъым а уэрэдхэр», «Письмо щимэхэр», «Джэрпэджэж», «Гугъэм и лъэрыгъ», «Партизаным кьиуэтэжакъэр», «Гукъеуэ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм я нэхъыбэр урысибзэкIэ зэдзэкIауэ Москваи кьыщыдэкIащ.

«УкъыIозолъхьуэ, си адэ» поэмэм дэ куууэ щIыззэхьдощIа лъагъунытэм, зэгурыIуэныгъэм тету зи гъащIэр зыуухуэ унагъуэщIэ насыпыфIэм цIыхум щигъэут гуфIэгъуэ иныр. Поэмэм хэт адэр лэжьакIуэшхуэщ, абы фIыуэ кьыгуроIуэ гъащIэр зэтезыIыгъэр, япэкIэ зыгъэкIуатэр гуащIэдэкIыр ару зэрыщытыр. Ар зэхищIыкIыу егъасэ ихпхъури. Мамыр псэуклэмрэ лэжьыгъэмрэ хьумэн хуейщ. Абы и пьэныкъуэкIи адэр пхъум дежкIэ щапхъащ. Бийм щезэуэм зэи убзэщхъуакъым абы и Iэщ1эр, си псэр нэхъыфIщ жимыIэу щIэзэуащ хэкум, цIыхубзм я щхьэхуитынатIэм.

Иджыпстуи, Балъкъэрым и Iэзэгъэм ину щIыхэхъуа, и тхыгъэхэр цIыхубзм яIурылъ щIыхъуа пльэхьэнэми, ар матхэ, япэхэми хуэдэу, емыщIыжу, щIэ пльэхьуэ зэпытУ. Етх уси, поэми, псоти.

Творчествэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм, жылагъуэр зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэным щIэныгъэ, 1982 гъэм абы кьыфIащауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз усакIуэ цIэ лъапIэр. Фоусэт дыгъэ кьызыпхупс и тхыгъэхэмкIэ адыгэ литературэм и пщIантIэм цыдрищIэщ. Езым и творческэ унэ абрагъуэ. Нэхущ, гуапэщ а унэр. Абы и гуащIэр сыт щыгъуи хэзырщ гур хэзыгъахъуэ, псэр зыIэт и уэз-уэрэдхэмкIэ цIыхухэм кьаIущIэну. Дэ абы жыдоIэ: иджыри кьасэ хуэдэу, дяпэкIи творческэ жумартыгъэшхуэ пхэлъу уи Iэдакъэщ1экIхэмкIэ цIыхухэр куэдрэ бгьэгуфIэну, абы папщIэ нэхъ зыхуэфI уэзыншагъэ быдэри уиIэну дынохъуэхъу!

КЪАГЪЫРМЭС Борис.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэхэу Балъкъэр Фоусэтрэ Щоджэнцыкиу Iэдэмэр . *1989 гъэ*

* * *

Нобэ сыкьалъхуащи,
Цыхуухэр кьыхуопэкIыр,
Ауэ сIэщIэкIауэ
Си гур уи деж нокIуэр.

Си гупсысэм куэдхэр
Къеулъэпхъэщыжыр,
Дуней Iэджэ льиду
КьыхуащIегъэщыжыр.

ГъащIэ кIуа архьуанэм
Уэрщ кьыдридзейр,
Иржы уIэпхьауэуэ
Хэт уэ уридзей?

Пэж бжесIэнщи, нобэ
УэркIэ сыпIейтащ.
Кьэпхьыжа уэ тобэ,
Унгу сыкьеуэрей?..

«Нобэ уэхуа дапщэ?» -
Псори кьызоупщIхэр.
Фыкьыззэплъи кьафщIэ,
ЖысIэуэ собзыщIыр.

* * *

«Берычэт бесын!» -
нобэ уэ бжызоIэ,
Си Хэку льапIэ,
ину гуфIэгъуэу сэ сиIэ!
Себгъэсащ пэж жысIэу,
уэ пхуэдэу сыпагэу,
Цыху мыхъумыщIэ пащхьэм
щхьэр щысIэту льагэу.
Сыбгъэсащ уэ уэзыщу
лэжьыгъэм сипсыхьу, -
Мылажьэу шхэ щIыхуэм
сеплъу сэ нэбгъэзкIэ.
ТекIуныгъэ сиIэу –
си цIэр фIыкIэ жаIэм,
Си щхьэр мыджэрэзуи
е зэнкI сыщымыкIыу.
Цыху напитI зезыхьэ,
пщIы зыупс кьысIущIэм,
Абы жапIэу иIэ
и дунейр хуIусщIэу.
Си Хэку и бий псоми
я нэм дыдыр хуэсхьу,
Си Хэку льагъунытэр
си псэм хуэдэу зесхьэу.
ЩIыхуфIу кьысхуэ ззэм, -
ар сыт льэпкъым щыщми, -
ПжжкIэ сыбгъэздэгу,
щIыхь ини кьысхуащIу...
... Уэолъагъур фIыуэ,
Си псэу си Хэку льапIэ,
Себгъэсащи уэщхьу -
пхузощI фIыщIэ гуапэу.

Си щауэ

Жыжьэ уэ ущыIэщ,
Нэчыхькlэ си щауэ,
Сезэшау сыпполъэ
Илъэс Iэджэ щIауэ.
Ауэ дэ ди гъащIэм
Зыкlи зимыхъуэж-тIэ,
Е уи дей сумышэ -
Е укъэмыкIуэж уэ.

ЛIыгъэр льагъуныгъэм
Ину егъэбжьыфIэ,
Гуэль зыхьумэфыр
Ябж игъащIэм лIыфIу.
Щэч зыхуэдмыщIыжу
ГъащIэр здэбгъэхьынум,
Дыхуейщ дыхьыхьэн дэ
Псыщхуэу дызыкьынум...

... Вагъуэ цIыкIуэхэр собжри
Дыгъэ бзийм фIызоблэ,
СогъэIущIыр ахэр:
«Си щауэм фыхуэблэ!»
Уафэ щхьэ антIэр сдыр
Си дарий бостейуи,
Мазэр щIыIу хузощIыр
Си бгъэм дахэкIейуэ.

Дыгъэ нурыр нитIым
ЩIэпъ ныпхуэсхьынущ.
КIыфIыгъэ хэмыту
ГъащIэр уэзгъэхьынущ.
Щы хьурейм хьыринэ
Уэ сыщыбдещIэнущ,
Бзухэм я уэрэдыр
Куэду ныбжеесIэнущ...

... КьоуэлIа насыпым
Куэд щIохьэпсэр хуейуэ,
ПIэщIэкIмэ - угуIэу
Пхынущ уи дунейр уэ.
Iэгум имыIэ бзийхэр
Прехьэжьэ жьыбгъэм,
Псы щхьа щылIэм цIыхур,
Хоф псы ина кIэнтхъым...

... Сыножьэ зэпытщи
Iэдкъэм согупсысыр.
Уэрэдыр си гъэсщ –
Куэду пхузоусри...
Гъэ кьэс лэгъупыкь уэмм
ХьызощIэ зы мащIэ, -
Умылъагъурэ ар уэ?!
Ара зыхьыумыщIэу?!

Сирень

ХуеплъэкIыжырт куэд мыща зэманым, -
А сирень зи щхьэкIэр фIэпщIыкIар
ИгъэбжьыфIэу уи бжьIупэ иныр
Щхьэ баринэу уэрти зыхуэкIар.

ПщIэжрэ, гуапэу ар пшэдджьжь кьэсхуукIэ
Уи щхьэгъубжэм кьыдэплъу щытат!
Ещхьу уи щхьэр пхуилъэщIам уэ дыхукIэ,
Унгъэдахэу уи гъащIэм хэтаи.

Сирень жьауэм уакьыхущIэмыкIыу
БгъафIэу ар уэ бгъэкIыу щытыгъаи.
Нобэ ар уIащIэу зэфIэпщIыкIыу
Гъэгъу жыгыр щхьэ кьыздэбнэкIа!..

Зыбудыгъуу иджы гъатхэ махуэм
НэгъуэщI пщIантIэм щыбогъэкI сирень.
ФIэпщIыкIа сиреныр гъэгъжауэ
Кьыбжеи1э: «Уэ пхуэдэм сыхрен!»

Нэхущ

Пщэдджьжь дыгъэм зэбгредз и бзийхэр,
Гъэдз кьахар и кIапсэмкIэ зэрепх;
ПщIыкъ льэтэжхэм дэущащ дунейри,
Уэрэд дахэр дэнкIи щызэжх.

Пщыlэ гупэм щокIыр бжей жыгышхуэ.
Губгъуэ кьэрэгъулу ар кьыпфIощ.
Бзу тIысыпIэ щхьэкIэ бзлацэщхуэм
Абгъуэ куэдым шыр щыкIухэр кьыщопщI.

Бжей и ныбжьыр жьауэу щхьэриIыгъэу
ЩепI и лъабжьэм псынэ щыIэ цIыкIу,
Пщэдджьжь къэскIэ дыгъэм хуэжейбащхьуэу
Псынэ цIыкIум хетхьэщIэр и нэкIу.

А бжей жыгыр губгъуэм итми закьуэу,
Сэбэпыгъэм хуегъэпс и зэфIэкI.
Хьыджэбз гуфIэу яшэм и нэпс кьабзэу
КьыщIэж псынэм жыг лъабжьэр кьегъэкI.

Бжей жыгышхуэм сэри сехьэсехуэу
СыхокIыкI си псынэ Къэбэрдейм.
Си гу абгъэм усэ куэд щыпсэухэр
Льэтэф хьуамэ, арат сызыхуейр.

* * *

Гугъ у сыдокь си лъагъунигъэм -
Гугъ у сыдокьыр сэ а фIыгъуэм.
Хуэдэщ ар мо розэ тхьэмпэм,
Кьуалэбзу шыр щыкIым хуэдэщ,
Илъэс закьуэ хьуа сабийщ ар, -
УемылалIэу я имыдэ.
Хуабжьу гугъу сыдокь а фIыгъуэм.
Ар сохьэмэ сэ си дыгъэу:
Розэ тхьэмпэр, сыщошынэ,
Жьапщэ абгъэм сфIыпичынкIэ, -
Сыхуэсакьыу ар сохьумэ.
Бзу шыр щыкIур - сыщошынэ
Кьуаргъ, бзу бзадджэхэм яшхынкIэ, -
Сыхуэсакьыу ар сохьумэ.
Сабий щыкIум - сыщошынэ
Щыху Iейм и нэ кьытехуэнкIэ, -
Сыхуэсакьыу ар сохьумэ...
Сыту льапIэ пхуэщI гухэльыр, -
Гугъ уехь защIэу ар зэхэльщи...
Ауэ си псэр уэрыншатэм,
Льагъунигъэр симыIатэм,
Хьунт си гъащIэр льэныкьуабэ,
Фэльыркъэб у, кIуабзэбжабзу.

* * *

«Сэлам цIыхухэм зэрамыхыу
Махуэ гуэри кьыремыхьу!
Зэбияхэр зэкIужаэу
Зэбий хэку щымыIэу ухьу!» -

Мыхьэнэшхуэ хэльщ а псальэм
Акьыл куукIэ ар ямпщIыпщI.
«Сэлам!» - жаIэмэ кьысцохьэр
Дыгъэм Iэплlэ щым кьыхунщI.

Сызыхуэзэу хьуам а псальэр
ЖьесIэну хуабжьу сфIэфIщ,
Ауэ фIырыщ ар зыхуэфащэр, -
Зыхуэфащэхэрщ псальэфI.

ЦIыхум и гум иль хуабагъэрщ, -
Аращ зэсхыр сэ сэлам.
ЦIыхум и псэм и пэжагъырщ, -
Аращ зэсхыр сэ сэлам.

Льагъунытэу цIыхухэм яIэрщ, -
Аращ зэсхыр сэ сэлам.
Си жагъуэгъуэм егъ ныбжьэгъурщ, -
Аращ зэсхыр сэ сэлам.

Си жьэм фэкIэ «сэлам» - псальэр
Ауэ нэпцIу кьыжьдэмыкI,
Си гу кьабзэмкIэ цIыхуфIхэм
ЖьэмыIэну ар слъэмыкI.

Зауэлl яукIам и уэрэд

« - Сэ куэдрэ кьасщтэрт уи письмохэр,
Мамыру пшапэр зэхэуам;
Си гум дунейр кьыщезэвэжкIам,
Схуэхьурт уи псальэр сэ хьэуа.

Кьыщыттельальэм дэ бишэр,
Ар си бгъэ жыпым щысхъумащ,
Си жыпым исыр уэра сфIэщу,
Ар сыхуэсакьыу щIэсхьумащ.

УIэгъэ сыхьуу сыщыхэщIэм
Уэ уи дахагъэр си хущхъащ,
Ауэ гухэлькIэ сигу пщтырам,
ПхуэмыIуэтэфу щэху сыхьуащ.

Биишэм гъащIэр кьыхигъащIэм,
ПисьмокIэ сиIэр псынщIэу пхъ уэрт,
Абыхэм лажьэ емыкIауэ
КъэсщIамэ, ар си г ап1э хьурт.

Ей, льагъунигъэм и пщтырагькIэ
Гъащ1эм кьыгъаззэу э щытам -
Сыкьнхьуэнти уэ уи тхыгъэм
Биишэр си гум щытехуам.

Зи х эку, зи цIыхуэм ху зэзыхьырщ
КъарукIэ лъэщуи щытинур,
Си хэкукIэ, уэркIэ ста си гъащIэр
Щреблэ уи гум мыух нуру».

* * *

Языныкъуэхэм яуб льагагъыр,
МыIущ куэди хущIокьу а дахагъэм.
Сэ апхуэдэхэм сфIэфIт яжесIэну -
Льагагъ паэр ямыгъэу льиину.
ЩIэркъым нэхьыбэм, егупсыскъым
Кьулыкъушхуэр зэрымылъагагъыр.
Ар зыгуэрым щыгъын хьэху тIорысэ
Кьунта хуэдэщ, пIалъэкIэ щыбгъагъыу.

Ауэ тхакIуэм и льагагъыр хьэхукъым, -
Ар къратксым, Iулъхьэкlи кьищэхукъым.
Ар кьыдальхур зэхьу экI имыIэжу,
Дыщэ кIанэу, гъэ минкIэ мылIэжу...

Сигу имыху сэ усэфI гуэр седжати,
Апхуэдизкlэ льагэу ар Iэтати, -
Iущагъ инкIэ ар зыхуэгъэпсам, -
Мис ар лIыгъэ?! - Iейуэ сехьуэпсащ...
Нэхь льагапIэ зыри сыхуэмей, -
Тезгъэхьэфмэ у сэфI мы дунейм...

Щхьэ уэрыншэ си дунейр?

Уэрэд

И дахагъи щIэращIагъыр мы дунейм
Бзухэм уэрэд дахэ инкIэ драшей.
Нобэ сэ си закьуэ дыдэу кьызокIухь, -
Закьуэныгъэм зы щымыIэ нэхъ бэлыхь.

Кьакlуэ, кьакlуэ уэ, кьыхьхьэ си дунейм, -
Дуней дахэм и гуапагъэр уэращ зейр.
Сыуэрыншэм - гъащIэу сиIэр ауэ пщIыхьщ,
Сигу тхьэмыщкIэр зэпымычу гугъу кьыбдохь.

Май дахащэу гъатхэщ - псоми зыкрах,
Бзу бзэрабзэм пшынэ макьхэр схуэзблах.
Iупэр уфIэу, нэхэр хьуапсэу ахэм сопль,
Ауэ си гур у э кьыплъхьхьэу нэщхьей сфIохьу.

Кьакlуэ, кьакlуэ, мы жыг хадэр кьыздэкIуфхь,
УкьэмыкIуэм трипхьуэнщ дунейм пшэкIухь.
Дыгъэр, мазэр гухэль лIыкIуэ ныпхуэощI,
Гъуэгуу щыIэм утет сфIэщIу сэ кьызощ.

Щэрдан Нодар: Дохутырым и псалъэ гуапэм куэд елъытащ

Гум къеуалІэ узыфэ зэмылІужьыныгъэ куэдым щеІэзэу Налшык къаІэ дэт Кардиологиемкі эцентрым лэжьыгъэр фІыуэ къызэрыщыізгъэпэщар, сыткІи зэрызыщагъакъуэр и пщІантІэм узэрыдыхьэу зыхьыбощІэ. Зи узыншагъэм сэкъат игъуэтахэр зыщІэхъ палатэ хунтхэмрэ щызрагъэдэзэ пэшхэмрэ екІуу къыщыкІащ. КІэлъындорхэр кьабзэу зэгъыбгъащ, удз щхьэанІэхэр щегъэуэмащІи, гур щагъэхъужь къудей мыхьэу нкІи зыщыбогъэлэсэху.

Центрым нобэ и Іуэху зэрыдэкІым, гууз зиІэхэм щІэгъэкъуэн зэрахъужьыр зыщыдгъэзэжьуэзэн мурадкІэ дэ зыхъуэдгъэзащ абы и упафэщІ Щэрдан Нодар Іэбу и къуэм.

● Узыншагъэ

Щэрдан Нодар

- Нодар, жэуапдыныгъэ нэхъыбэ дыдэ зыпыІу къалъытэ дохутыр Іэщагъэм ухуеджэным щхьэусыгъуэ хуэхъуамкІэ ди псалъэмакъыр дубдэну сыкъуейт. Кардиологие унэІныкъуэр щхьэ нэхъ къыхъэпхат?

- Си къуэш нэхъыжьым деж щыщІэдзауэ си щыхъугъэ, ныбжьэгъу куэд хуеджащ медицинэм. Абыхэм садэпшъейри, сэри дохутыру седжэну мурад сщІауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым медицинэмкІэ и факультетым щІэныгъэ нэ хъыщхьэ щызэзгъэгъуэтри, ординатурэр, итІанэ аспирантурэр Москва къыщызыхьажащ.

Налшык къаІэ къэзгъэжа нэужь, япэу лэжьэн щыщІэздзар университетращ. Арщхьэкіэ, а лъэхъэнэм Налшык кьалэ дэта кардиологие диспансерым и унафэщІым и лъэІукІэ сызыхуеджам - дохутыр Іэщагъэм - сыпэрыуващ. Лэжьыгъэрэ студентхэр егъэджэнри зэдэсхащ зы зэман гуэркІэ, ауэ дохутырым и зэманыр нэгъэщІу Іуэхуми тригъэкІуадэ зэрымыхьунур кьызгурыІуэри, щІэныгъэ Іэнатіэм сыкьыпыкІын хуей хьуащ.

Кардиологиер кьыщыхэсхам и гугъу пщІымэ, медицинэм и кьудамэхэм ящыщу ар нэ хъ сигу ирихьыр. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, ар нэ хъ псынщІэу зызыжьж, кьэхутэныгъэ нэхъыбэ щрагъэкІуэкІ унэтІыныгъэ хэм ящыщІ, псэукІэм и Іыхьэ щагъэджэм кардиологиер кьыхэсхри, си кандидат лэжьыгъэр зытеухуауэ щытари аращ.

- ИлъэситІым щыгъуазэ узинуафэщІ центрым и лэжьыгъэм щыгъуазэ дыхуэхъункІэ, фызэрелэзэну Іэмэпсымэхэмкіэ нэсу фыкьыщыдэгъэпэщ?

● Унагъуэщ1э

Линдэрэ Ибрэхьимрэ

УНАГЪУЭЩІЭкъэунэхуныр, лъэпкъитІ благъэ зэхуэхъуныр насыпым я нэхъ ину къалъытэу Іукъ1уэкІ. Апхуэдэ ныбжьыщІэ куэдым Тхъэкъуахъуэ Ибрэхьимрэ Мэсей Линдэрэ къащІыхьэтхам и щхьэусыгъуэр щІалэр Тыркуем щыпсэу адыгэхэм зэращыщыр.

Тхъэкъуахъуэ зэкъуэшищым - Ибрэхьим, Джем, Мурат - Москва я Іуэхущ1апІэ щаІэу щолажьэ. Ахэр ящыщщ Аруан хуэужьэм дэс Тхъэкъуахъуэхэм. Илъэс зыбжанэ хъуэ зэрызэрыщІыхужьрэ. Мурат и адыгэ унэцІэр къищтэжащ, Урысейм и паспорти къыдихыну хунэсащ.

НысащІэм и гугъу пщІымэ, ар и Іэщ1агъэкІэ юристщ, Налшык и зэзыгъэкІуэ судым щолажьэ.

Кьайсэр кьалэрщ Линдэрэ Ибрэхьимрэ я хьэгъуэлІыгъуэр щекІуэкІар. ЗэрыщагъэкІэзэм Апталье зыщагъэпсэхури къагъэзэжащ, я лэжьапІэ Іуувэжащ.

Зы унагъуэщІэ къэунэхуащ хэхэсхэмрэ хэкум исхэмрэ къуэдс быдэкІэ зэрапсыр. Лъэпкъым нэщэнэфІ хуэхъуну, Линдэрэ Ибрэхьимрэ насыпыфІэ, унагъуэ быдэ хъуну дохъуэхъу.

Щэрдан Нодар: Дохутырым и псалъэ гуапэм куэд елъытащ

маджэ 250-м яхуэхъуэу араш ди центрыр, ауэ абы и къэрэ нэхъыбэ щІыхь дыщимыІа, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кьыхсхуэщІэжыркым. Ди Іуэхум фІыуэ хэлъыр сыт жьыпІэмэ, хущхъуэ-мастэр езыхъэм кьедмыгъэщхужу дэ зэрретхьэлІэрэщ. НобэкІэ дызыхущІэ хэмыту медицинэ Іэмэпсымэхэр диІэщи, ди лабораторэр абы и лІыкІхэмрэ Урысей Федерацэм зэрыщІыхьэуарэ.

Нэхъапэм псэукІэ и лъэныкъуэкІэ ди щІыхьхэр зыхуей нэхъ хуэзэу, псоми лэжьапІэ ягъуэту щытамэ, иджы дызыхэпсэукІ лъэхъэнэм абы куэд иризэгуоп, я Іужу зэрыдэмыкІым ирогушІэвэ. Щхьэхуэу утемыпсэлъыхьми гурыІуэгъуэ кьыщІэкІынщ экологие мыщІагъуэм щІыхьм кьыхуихь зэраныгъэр.

- А псори зыгъэзэжкІуэж дохутырыр сыт хуэдэу щытын хуей уэ уэзэрелъымкІэ. Нодар? ЗэрыжаІэщи, дохутырыр Іэщагъэдэ иэсым и мызакъуэу щІыхь гуапэуи мызакъуэу щІыхь гуапэуи щытын хуейщ.

- Щэч хэмылъу. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, хэт дежкІи щІхькІыщ псалъэ гуапэм сымаджэм дежкІэ мыхьэнэщхуэ зэриІэр. КьыхэрылъытэмкІэ, дохутырымрэ сымаджэмрэ гуапэу зэхущытын хуейщ. Ар япэу зэпытащ, дауи, дохутырыщ. Ябыныкъуэхэм деж хущхъуэм япэ иту, щІыхьм дебгъэкІуэкІ псалъэмакъми куэд кьыхуещІэикІи дунейм нэгъуэщІынэкІэ ирегъэплъ. ЩІыхр нэхъыбэ кьохъуж еІэзэн нухмэ, адэкІэ и гъащІэр узынщІэу зэрырихьэкІынур дохутырым гуригъаІуэмэ.

Дохутырыр Іэзэмэ, узым кьыхиІэзэрыхьу кьыхуаша сымаджэм зэ зэрыхуэзэу и гуныкъуэгъуэр щхьэщигъэкІуэтын, щигъэсхьнщІэн хуейщ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ сымаджэм и дзыхь кьунтІэзынми.

- Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм кьыхэкІыу кьыщІэкІынщ фи дэжькІуэхэм щІыхьхэм хуэдэ щытухьхуэр. Иджыблагъэ фи о щеленэ зэхуэмыдэхэм зыщызыгъэхьужахэм я Іэр зыщІэлъ письмо «Адыгэ псалъэм» и редакцэм къэкІуащ. Абыхэм фІыщІэ хуащІыр т дохутыр нэхъыщхьэм и деж щегъэжьауэ, зыгъэхьужа дохутырхэм, кьанІэтъыпІэра медсестрахэм.

Апхуэдэуи Іуэнэгъу рес-публикэхэм кьыкІыуэ фи деж зыщызыгъэхьужахэм я бжьыгъэр зэрымымащІэм дыщыгъуэзащ.

- Пэжщ, уи узыр кьащхъутэнри кьыщІоІэзэнри зыщхэт центр я щІыналъэхэм зэрыщыІэ кьыхэкІыІэ, ди деж зыщагъэхьэрэ рес-публикэ зэхуэмыдэхэм кьыкІахэм, кьэралым и щІыпІэ пхыдзахэм щыщу ди зыгъэпсэхупІэхэм щыІэ щІыхьхэм. Икіи ди гуапэу нужь дитщ дэтхэнэ зыми тхъэуэфІэкІ зэрахуэтщІэным. Абыхэм еІэзэ до хутырхэм я нэхъыбэр ильэс куэд хьуауэ зэдэгащІэ Іэщ1агъэкІэзщ.

Пэжщ, псоми зэхуэдэу кууэу хащІыкІыу щымытми, я нэхъ иужькІэ кьэуваехэм Іэмал яІэщ кардиолог лъэрыкьхэм ядэлажьэкІэрэ, якІэлъытыпкІэрэ езыхэми я Іэзагъэм хагъэ хъуэну. Зэрыщыту кьащІтэмэ, зэгурыІуэу, щхьэж и кьалэныр нэгъэсауэ зэригъэзэщІэным щыщІэкъуэ зэрэлажьэ гупщ сызыхэтыр. Аэрааш зи фІыщІэр щІыхуэр кьыхъэрытхуэарэзэщ.

Епсэлъар
НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Бэнэкі хуит

Махуэ Билал и махуэ

Урысей Федерацэм бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпионат иджыблагъэ Москва щекІуэкІам екъуэлІэныгъэфІ щызыІэригъэхъаш адыгэ щІалэ Махуэ Билал.



КИЛОГРАММИ 120-рэ зи хьэлъагъэм я деж финалым ар щытекІуащ Дагъыстаным и спортсмен Аскерханов Магомедгаджи я чемпион Курамагамедов Курамагомед. Зэхьэзэхуэр и кІэм нэсыным секунд 30 фІэкІа къэмынэжауэ ди щІалэм и хьэрхуэрэгъум адэкІэ бэнэн щигъэтащ, фэбжь зэригъуэтам кьыхэкІыу. Абы щыгъэ зэІуІэм и бжьыгъэр 3:0-у Махуэ Билал и кІэм.

Финал нэужьым «Весь спорт» агентствэм Урысей Федерацэм и чемпионым жриІащ: «Нэгъабэ иджыри си нэгу кьыхсущІэгъэхьэрэтхьым Курамагомедовым мис мыпхуэдэу занщІэу сытекІуэфыну, а зэманыр щІэх дыдэу кьэсыну. Сыту жьыпІэмэ, килограммми 120-м щыбанэхэм я деж абы кьыпэхьэун дунейм щымыІэу кьызольытэ. Зэхьэзэхуэм щІимыдэзэ щыкІэ тренерхэм кьызжаІащ Курмагомедовым срищІыкІыну зэрыхэтынур. Ауэ ар абы кьезгъэхьэлІакъым».

Фигу кьэдгъэкІыжинщ, Махуэ Билал щІалэгъуалэм я дунейпсо, Урысей Федерацэм я чемпионатхэм щытекІуащ. БэнэкІэ хуитымкІи альджурым бэнэкІэмкІи зэхуэдэу лъэшу зыкьегъэльагъуэ. Иджыпсту Дагъыстаным щопсэу, Мэхьэчкъалэ дэт университетым юрист Іэщ1агъэм щыхуоджэ. Зэхьэзэхуэхэм кьыщихь очкохэр ди республикэмрэ Дагъыстанымрэ зэхуэдитІу ягуэш. 2008 гъэм Пекин щекІуэкІыну Олимп Джэгухэм Махуэ Билал жьыджэру дагъыстан гъэрекІэм хуагъэхьэзыр.

БЭГОКЪУЭ Албэч.

● Альыдж-урым бэнэкІэ

Хьущ1 Аслъэнбэч и гъГуанэ уиІэнкІэр

Иджыблагъэ Новосибирск щекІуэкІащ альыдж-урым бэнэкІэмкІэ Урысей Федерацэм и чемпионат. Кидограмм 96-рэ зи хьэлъагъуэм я деж етІуанэ уиІэнкІэр щиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІуэ Хьущ1 Аслъэнбэч. Адыгэ щІалэр иджыпсту Краснояск крайм и щІкІэ мэбанэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и кІэхэ Зэ1ущІэм Хьущ1ым кьыпэщІэтащ дунейпсо, Европэ чемпионатхэм я призер Тедлоухэ Василий. Зэпеуэм и бжьыгъэ 3:0-у Аслъэнбэч иригъэжьа пэтми, абы текІуэныгъэр и кІэм нигъэсын хуэзэфІэкІакъым. Теплоухованыр хуэмурэкІуэ бжьыгъэ зэхуэдэ ищІыжри, иужькІэ кьыхущІагъэжа зэманым 3:2-уэ ди щІалэм кьытекІуаІ.

Зэ1ущІэр ихуа нэужь, чемпионым хьуа гуэрыкІэ щІалэм журналистхэм жриІащ: «Чемпионатым щІимыдзэ щыкІэ кьызгурыІуат Хьущ1 Аслъэнбэчрэ сэрэ финалым дызэрыщІэзэхуэзэнри. Уеблэмэ, сэ нэхъ я нэхъ хуэхъэшраш ар мы чемпионатым. Сборхэм, спаррингэм щыслъэгъуащ абы и кьарур здыкІэсыр. Ауэ, дауэ хьуми, Іэзагъэшу сиІэр зыхэслъхьэри Хьущ1ыр хэзгъэщІащ».

Урысей Федерацэм и чемпионатым и дыжьын медалыр къэпхьыныр екъуэлІэныгъэшхуэщ. Дехьуэхьущ1 Хьущ1 Аслъэнбэч етІуанэ гъуэгу мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм, нэхъ лъагэжэм я дыщэ медалхэр кьихьыну, и мурадхэр кьеъуэлІэну.

ИСЛЪАМ Алий.

● Футбол

КЪЭЖЭР Налиф: "Спартак-Налшыкым" сыщІэжьэгуну куэд щІауэ сыщІохъуэпс

«Спартак-Налшыкым» къыхьхьэну зыльэгъэзыр, Москва и «Спортакадемклубым» щыджэгуа, Марсель и «Олимпикым» мазихкІэ щыІа, илъэс 20 зи ныбжь гъуащхьауэ адыгэ щІалэ Къэжэр Назир упщІэ зыбжанэкІэ иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ.

- Назир, «Спартак-Налшыкым» зэгурыІуэныгъэ щеипщІэнэр дапщэщ?

- «Спартак-Налшыкыр» хьэзырщ зэгурыІуэныгъэ къызищІылІэну, ди трансфер Іуэхухэри зэхуигъэхъуну. КІэщІу жьыпІэмэ, лэжьыгъэм и зэхуэдитІыр зэфІэкІащ. Куэд мыщІэу зэгурыІуэныгъэм Іэтеддзэн хуейщ.

- Уи трансферыр иджыпсту зыІыгъыр хэт?

- Ар Москва и «Спартакадемклубым» иІыгъщ. Ар иджыпсту етІуанэ дивизионым хэтщ. Сэ абы сызэрыщыІкІэн хуей пІалъэр икІащ, ауэ сызыхьыхьэну командэм щыІэ хабзэм инкъ иткІэ, абы компенсацэ къэтримыгъу хъунукъым. Ахъщэр куэд дыди хъуркъым икІи «Спартак-Налшыкым» кьищэхужьну дызэгурыІущ.

Командэхэм футболистхэр кьащэхуну хуит зэращІу си Іуэхур зэфІэкІыну сыщогугъ. Зэкіэ дызэрызэпсэлъамкІэ, илъэсыкІи - Спартак-Налшыкым» сыкъэщтэну аращ.

- Командэм зыгуэрым укъригъэблагъэ хьэмэрэ Налшык ущыджэгун жэрдэмыр кьызыбгъэдэкІар уэра?

- Жэрдэмыр ди зэхуэдэу жьыпІэ хъунущ. Си ныбжьэгъуэхэм «Спартак-Налшыкым» и унафэщІхэм зыхуагъаазэри си гугъу хуащІащ, иужькІэ Кисловодск щекІуэкІа сборым сыздашэри къысКІэлъыпльащ.

- «Спартак-Налшыкым» удэІэпыкъуфынуи уи кьарум укъигъэгугъэрэ, абы хуэузхьэзыр?

- Пэжыр жьыпІэмэ, сыдджэгуным процент 90-кІэ сыхуэхьэзыру аращ иджыпсту. Абы и щхьэусыгъуэр куэд щІауэ губгъуэм сыкьэзыпмыхьапц. Ауэ ар зэгъэзэкІуэжьын щхьэкІэ нэхъ хэкъуэауэ зызогъасэ. Си гугъэмкІэ, чемпионатым и етІуанэ къеКІуэжІыгъуэм ирихьэлІэу сызэтеувэжьын хуейщ.

- Командэм сыт хуэдэ увыпІэ хуащытынур?

- Іуащхьауэ увыпІэр. Ауэ сэ сесащ тренер нэхъыщхьэм кьызжиІэ упафэр згъэзащІэуи, дэнэ щІыпІэ дяе сигъэувми абдеж сыщыджэгунущ. Пэжыр жьыпІэмэ, гъуащхьауэу сыщытыну сэ нэхъ кьызощІэ.

- Марсель и «Олимпикым» уэзрыщыІам и гугъу къытхуэпщІамэ арат?

- Франджы командэм зы илъэс ныкъуэ хуэдизкІэ сыщыІащ, зыщыгъэсащ, ауэ сы Іуэху зэтемыувэу сыкъэкІуэжащ. Абы и щхьэусыгъуэр сщІэркъым. Командэм и тренер нэхъыщхьэри фІыуэ кьыхсхущытами, клубым и унафэщІэри кьыхсхуэзгъэзыуэ щытами, кьыкІалъэкІуэ илъэсыми, си жагъуэ зэрыхъущи, схуэгъэзэжакъым.

- Франджым и нэгъуэщІ клубэм урагъэблэгъакъэ?

- «Олимпикым» и дублым сыкъыщагъанэрт, ауэ сэ ар здакъым, абы си Іэзагъым щысхухэмыгъэхъуну, сэбэп кьысхуэмыгъэхъуну кьэслъытэри. Ди чемпионатым и дублыр нэхъ лъэщ щыхьэну ейм нэхърэ.

- Къэралым къэбгъэзэжа нэужь, нэгъуэщІ клубэм хэхуэным мурад уиІакъэ?

- «Спортакадемклубым» згъэзэжьыфынут. Апхуэдэуи Румынием е Португалием сыкІуэфынут. ИтІанэ «Москва» клубым срягъэблэгъну хэтащ зэгуэрым. Ауэ псалъэмакъым нэхъ жьыжьэ кІуакъым. Иджы сыхуейщ си зэфІэкІыр Налшык щызгъэлъэгъуэну. Куэд щІауэ сыщІохъуэпс «Спартак-Налшыкым» сыхэту сыджэгуну. Сэ мы республикэм сыкъыщалъхуэ щхьэкІэ, командэм зэи сыщыджэгуакъым. Иджы апхуэдэ Іэмал згъэуэтмэ, сльэкІ къэзгъэнэнукъым абы сыдэІэпыкъун щхьэкІэ.

Епсэлъар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Зи Іэщ1агъэм хуэІэижьхэр

Я Іуэхур йофІакІуэ

Сунш Заудин

Налшык дэт «Хуэакіуэ» лицейр къыхэрызэрагъэпэщэ мы Іуэм илъэс 25-рэ ирокъу. А зэманым къриубыдэу нэрылъагъуэ хуэащ щалэгъуэлэм Іэщ1агъэ щызэрагъэгъэхуэту республикэм щыІэ ерджапІэ нэхъыфІхэм яцыщ зыуэ «Хуэакіуэ» лицейр зэрыщытыр.

ЕДЖАПІЭР зыхуей-зыхуэфІкІэ хъарзынэу зэрызэтеувам Іэмал хъаритащ лицейм къыщІигъэкІ Іэщ1агъэпІэр цыхуфэ хозяйствэм и Іэнатіэ куэдыр зыхуэныкьуэ лэжьакІуэ щагъэхьэзыр зэрыхъунур.

Лицейм и унафэщІ философие щІэныгъэхэм я кандидат, «Урысей Федерацэм профтехущІэныгъэхэмкІэ и отличник» Сунш Заудин.

Лицейм и тхыдэм дрипльажмэ, 1982 гъэм 20-нэ ГПТУ жиІэу, «КъэббатькъэпромстроІ» трестым папщІэ, Іэщ1агъэпІэр игъэхьэзырыну мы еджапІэр кьызэІуахауэ щытащ. Абы и упафэщІт Бабаев Эдуард, Еджакіуэкір 125-рэ хьурт. Ильэсхэт джэдж ГПТУ-р зэрахъуэкІащ 4-нэ СПТУ-мкІэ. 1994 гъэм ар хагъахьэжащ Налшык дэт къуэрэшей-черкесыкумым. А еджапІитІыр и лъабжьэу Іэщ1агъэ зэмылІужьныгъэ куэдым щыкъуагъэхьэзыр «Хуэакіуэ» лицейр 2001 гъэм къызэІуахри, къэрал аккредитациемэ ящыкІащ.

Ауэ абы хуэхъэшыр гъэугур тыншу щытакъым. Псом хуэмыдэу гугъут 1994 гъэр. Къэралым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щекІуэкІырт, рынок зэхущытыкІэхэм, апхуэдэу курыт щІэныгъэ, Іэщ1агъэ щызэрагъэгъуэт еджапІэхэм щекІуэкІ реформэхэм е зэдакІуэхэр Іэнатіэ гугъум иригъэувэлІат. ГурыІуэгъуэтакъым студентхэр сыт хуэдэ Іэщ1агъэм хуегъэджэн хуейм. Шэч зыхэлъыжрати, щІэупщІэ зимыІэ Іэщ1агъэм щыхур хуэбгъэхъэзыр хъунутакъым. Зэманым кьигъэувым тещІыхьауэ автотранспортым, хуэхъунагъэм, связьмрэ коммуникацэмрэ, Іуэгу, аэродром хуэхъунагъэхэм, пощтым, финанс Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэр кьыщІагъэкІ.

Мы лицейр кьэзыуха кьэщыщ щІэныгъэзэ Іэпщ1эльапщІагъэрэ зэрабгъэдэлъыр кьэрал экзаменхэм кьыщагъэльэгъуэ, Іэнатіэмэ зэрымыкьуэкІри абы и щІыхьэтщ.

Лицейм и нобэр

Нобэрей лицейр къатилІу зэтет еджапІэ уняшхуэщ. Абы и Іэщ1 лабораторэхэр, компьютер классэхэр, еджапІэ пащ зыхэт библиотекэ, еджакіуэхэр щыпсэу общежитэ зэгъэпэщ, спортзал, стадион, актовэ зал, узынишагъэм щыкІэпытлъпэ пэш, шхапІэ.

Лицейм къуит Іэщ1агъэхэм яхэтхьэ республикэр зыхуэмыныкъуэ. Мыр къэзыухэр Іэнатіэмэзыу кьанэрхьым. Абыхэм лэжьапІэ щагъуэт аэропорт, автотранспорт, ухэунагъэ комплекхэм, электротехникэм, куэдыр гараж унафащІэ, прорабщ, бухгалтерщ.

Мы зэманым лицейм студент мини 2-м щІигъу щоджэ. Абы яхэтщ Ипщэ-федеральнэ щІыналъэм щыщхэр. Ар лъэпкъым я зэхуакум ныбжьэгъуГэ, зэгурыІуэныгъэ дэпльымкІэ Іэхуэгъуэ щхьэпэщ. Шэч хэлъкъым мы щІалэгъуэлэм я щІыналъэм ягъэзэжауэ я Іэщ1агъэм щрилажьэм и деж, зыщІэджахэри езыгъэджахэри фІыкІэ яГу кьыхэзграгъэкІыжьым.

Еджапіэм и пщэдейр

Кьэралым зызыхуэхъэм кьиГуэуэ кьалэныщІэхэм поджэж лицейм и лэжьакІэр. ЕГьэджакіуэ гупыр йогугъу сыт и лъэныкъуэкіи щІэблэр нобэрей Іэщ1агъэм хуэГьэхьэзырынм. Псалъэм папщІэ, щІэуэ хагъэхьащ япэ курсхэм щІэс студентхэм Іэщ1агъэ яхуэхъуэнут теухуа дерс щхьэхуэхэр. Ахэр псори лицейм и кьэкІуэнур зыубзыхуу Іуэхугъуэхэщ.

Егъэджакіуэхэр

Сыт зищІысыр XXI лэщІыгъуэм и цыху бГэсэнхэр? Ар фІыуэ кьызыгурыІуэ гупщ лицейм щылажьхэр, зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ егъэджакіуэхэр. Абыхэм яхэтщ философие щІэныгъэхэм я кандидат, аспирант 3, орден зыхуагъэфащауэ 4, Урысей Федерацэмрэ КъэбардейБалъкъэрымрэ я щІыхь тхьытхэр зрата егъэджакіуэхэу, мастерхэу зыбжанэ, производственнэ егъэджанэгъэм я отличник.

Лицейм и мащІэкъым щапхъэ зытепхъ хъунт егъэджакіуэхэр. Абыхэм ящыщщ «ФІыщІэм и нагъыщІэ» орденыр зезыхьэ, КъэбардейБалъкъэрым, СССР-м я профтехущІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ мастер, отличник Шыдыкъуэ Мухьамэд, Хьэмбурщэ Лидэ, Темботэ Зое, Разорвин Владимир, Токареву Ольгэ, еджакіуэхэм щапхъэ хуэхъуэ лэжьакіуэхэщ Жыгун Жанна, Ныр Жаннэ, Къармэ Лариса, Болиевэ Тамэ, Бозиевэ Надеждэ, Токаревэ Людмилэ, Ганиевэ Лидия сымэ.

Спортым екъэлІауэ

Лицейм и тхыдэр кьулейщ спортым щаІэ екъуэлІныгъэхэмкІи: волейбол, баскетбол, теннисымкІэ секцэхэр щолажьэ. Республикэм, Урысейм и Илщэ лъэныкъуэм щекІуэкІ зэпеуэхэм екъуэлІныгъэ къыщыдах. Лицейм и студент Иуан Азамат еджамин, спортми щІэпрыщІ. Атлетикэ хьэлъэм абы щиІэ зэфІэкІым иримыгушхуэу кьаназкьым. Республикэми Кавказ Ищхьэрэмми адыгэ щІалэм япэ увыпІэхэр щиубыдащ, спортсмен ныбжьыщІэхэм я урысей чемпионатым ещанэ щыхуэщ.

Лицейр зэрыжьыфІэ студентщ боксымкІэ екъуэлІныгъэфІэкІэ зыІэрызыгъэхьэ Боевой Сослан. КъэбардейБалъкъэрым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр щиубыдащ Галя, Бозиевэ Надеждэ икІи Щ1ыхь тхьытхэр кубокымрэ кьыщыхуэгъэфэщащ.

Футболымкіэ илъэс къэс екІуэкІ зэпеуэм студентхэр я гуапэу хэтщ. ЖьІэн хуейщ абыи зэфІэкІ яІэу еджакіуэхэм зэрызыкьыщагъэльэгъуэр. Студентхэм щапхъэ кьызэхъуэ щІыналъэм футболист лъэщ, Урысей Федерацэм спортымкІэ и мастер Заруцкий Александр кьыхуэарэзу мы лицейщ.

Мы еджапІэм и лэжьакіуэхэм мыхьэнэщхуэ зратхэм ящІыщ зыщ зыГьэнэсхуэгъэ зэманри. Мыбдежьым дэІэпыкъуэгъуфІ мэхъу егъэджакіуэхэмрэ мастерхэмрэ. Зэпеуэ зэмылІэужьныгъэхэр, дискотекхэр кьызэрагъэпэщ. Студент нэхъыфІхэмрэ егъэджакіуэхэмрэ «Кизиловскэ» турбазэм щыщІэнэсхэу. Мы зэманым еджакіуэ гуп абы щыщІ.

Еджэным фІыуэ екъуэлІэ студентхэм стипендие ират. Тху защІэу еджэхэм ахъшэ хуащІагъу. Дзэм кьулыкъу щызыщІэн хуей щІалэхэр еджэнэр зэфІэкІыкІыу дашыркъым. Адэ-анэ зыщхьащымытыжхэм социальнэ стипендие ират. Студентхэм я шхапІэр инщ, кьабзэтьабзэщ.

Насыпщ и гъащІэ псокІэ зэрыплэжьну Іэщ1агъэр щымыІэу щІыхь кьыщыхьхьэфым и деж. Ар кьызэхъулІэхэм ящІыщ зыщ Сунш Заудин. ЩІалэгъуалэм зэрахэтрэ илъэс зыбжанэ хуэдизкІэ щІэныгъэ зэрыщІэнур.

Псалъэмакъыншэу, тыншу ди кьалэныр догъэзащІэ. Ди унафэщІым цІыхуэм и Іуэху зыІутыр кьыгуроІуэ. ЦІыхуГэ, адыгагъэ, гуащІэгурэ игъусэжу хэтщ. Ар алухуэдэ щІыхуу щымытамэ, дэри апхуэдэу лэжьыгъэм дигу хэмыхьэнкІи хуэт. Щапхъэ зытрах цІыхуф. ПщІэрэ нэмысрэ зыхэлъ адыгэ щІалэщ.

«Хуэакіуэ» лицейм нобэ иІэ екъуэлІэныгъэхэм ящыщІ зыщ едзым и газет кьызэрыдигьэкІыжри. Абы мыпхуэдэу етх:

- Сэ кьыхэсха экономист Іэщ1агъэр щІэупщІэ зиІэщ. Си мурадыр кьызэрызыхьулІэнум щэч кьыстесхьэркъым. Си фІэщ мэхъу лэжьапІэ хъарзынэ кьызэрызгъуэтынут, щІэныгъэфІ кьызбгъадэтхьащ лицейм и еджакіуэхэм.

- Адрей щІалэ цІыкІухэм хуэдэу, сэри сызэрысабийрэ зэрыджэгу мащІэнэр зэпкърыгъэхьэ, зэпкърыгъэхьэжьын сфІэфІт. Си хуэупсапІэр кьызэхуІэри, автомеханик сыкъуащ. Иджы мащІэ, ауэ ар зэгъэзэхуэжьфу абы сыхурагъэджащ, - жеІэ Норбеков М.

- Си Іэщ1агъэр хууакІуэщ, ди лицейм зэредзэри ара? Ди еджапІэм щыкьыддоІэныкъу гъэгу захуэ кьыхэтхьынмкІэ.

- СыщщІыкІым «школыр етІуанэ унящ» - кьыджаІэрт. Апхуэдэ уняхэ сухуэхуащ ди лицейр. Дэ мыбы кьыхэтха Іэщ1агъэм дыхуэгагъасэ кьудейкъым, тэмэму, щыуагъэ дымыщІэу і ъащІэм дызэрызэтэн хуэйм дыхуэрагъаджэ. Дезыгъаджэхэм яхэлъщ гулыІэтэ, гущІэгъу. УмыщІэр кьыбгурагъэтуэнущ. Дэри пщІэрэ нэмысрэ яхудощ, - етх Тохтэмыщ А.

ШОРЭ Раисэ, КІЭБЫШЭ Лилэ.

● КъБР-м и МВД-м къет

УІэгъэ мащІэ

Къарурыщхуэ зимыІэ лагъым Іорыщ1ыр вэсэмахуэрэ дыгъуэзэрэ я жэщым сыльэтыр зым нэблагъэуэ Тырныдуэ кьалым кьыщыдуэри, милищым и лэжьакіуэм и автомашинэм дерт зэмылІэужьныгъуэхэр иритащ. Бзыр и лъакъутІми лагъым кьытахуэхэр хэльу сымаджэщым яшэри ягъэгъуэльащ. Абы и гъащІэм щынагъуэ иІкъым, нэгъуэщІым лей техьакъым.

КъБР-м щыІэ МВД-мкІэ УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэмрэ я лэжьакіуэхэм кьэхуІуэн и щхьэусыгъуэр эхэтащ. Республикэм прокуратурэм УФ-м и УК-м и 317-нэ статьям ипкъ иткІэ уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкІэмыхьу Мариндж (редактор нэхъыщхьэ), Ширдий Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъэрыкъ Мадинэ (жэуап зыльэ секретарь), Гъэщ1о Зариф, Жылаеэ Маритэ, Лъостэн Музэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щинхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэкІэ - 42-60-53; хьыбарыгъэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; еГьэджакіуэхэм - 42-63-64, 47-32-15; здэзекІакіуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеМ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Тедлэр тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуэгъуэхэм и пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыкъым.

Газетыр Іэ тельдзахэм яхуэхьынкІэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощтэ эпщІэнигъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыпмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м ЩІрихьэзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефонхэр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элл, редактору Уэрдокъуэ Жансурэт, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2-нэ